

**RITUAL KUNGKUM ING UMBUL TIRTAMARTA DHUSUN DUKUH KECAMATAN  
BANYUDONO BOYOLALI**

***E-Journal***

Dipunajengaken dhateng Fakultas Bahasa dan Seni  
Universitas Negeri Yogyakarta  
minangka Jejangkeping Pandadaran  
*Anggayuh Gelar*  
*Sarjana Pendidikan*



Dening :

Nanda Hutama

NIM. 11205241065

Yogyakarta, Agustus 2018  
Pembimbing

Yogyakarta, Agustus 2018  
Ketua Jurusan  
Pendidikan Bahasa Daerah

Dr. Purwadi, M. Hum.  
NIP. 19710916 200501 1 001

Prof. Dr. Suwardi Endraswara, M. Hum.  
NIP. 19640403 199001 1 004

**PROGRAM STUDI PENDIDIKAN BAHASA JAWA  
JURUSAN PENDIDIKAN BAHASA DAERAH  
FAKULTAS BAHASA DAN SENI  
UNIVERSITAS NEGERI YOGYAKARTA  
2018**

**RITUAL KUNGKUM ING UMBUL TIRTAMARTA DHUSUN DUKUH KECAMATAN  
BANYUDONO BOYOLALI**

**Dening:**

**Nanda Hutama  
NIM 11205241065**

**SARINING PANALITEN**

Panaliten menika gadhah ancas kangge ngandharaken (1) lampahing prosesi Ritual kungkum ing Umbul Tirtamarta Dhusun Dukuh Kecamatan Banyudono Boyolali, (2) ngandharaken makna simbolik sesajen ritual kungkum, (3) ngandharaken paedah saking upacara Ritual Kungkum.

Panaliten menika kalebet jinis panaliten *kualitatif*. Cara ingkang kaginakaken kangge ngempalaken data inggih menika kanthi migunakaken *pengamatan berperan serta, wawancara mendalam* saha *dokumentasi*. Piranti ingkang kaginakaken kangge ngempalaken data inggih menika panaliti piyambak ingkang kabiyantu migunakaken piranti *kamera, hand phone, buku cathetan, saha komputer*. Data dipunanalisis kanthi cara analisis *induktif*. Data dipunsahaken kanthi cara triangulasi data.

Asiling panaliten menika nedahaken bilih (1) lampahing prosesi ritual dipunwiwiti saking cecawis piranti saha papan ingkang badhe dipunginakaken kangge Ritual Kungkum, salajengipun prosesi Ritual Kungkum dipuntindakaken lan dipunpungkasi kanthi tapa wonten Umbul, (2) piranti-piranti ingkang dipunginakaken wonten ing Ritual kungkum menika nggadhahi simbol-simbol tartamtu ingkang gayut kaliyan pagesangan manungsa lan mujudaken panyuwuwunan saking tiyang ingkang nindakaken Ritual Kungkum menika, (3) ritual kungkum ing Umbul Tirtamarta Dhusun Dukuh Kecamatan Banyudono Boyolali menika gadhah paedah tumrap tiyang ingkang nglampahaken menapa dene masyarakat sanesipun ingkang arupi paedah spiritual, paedah ekonomi, saha paedah nguri-uri tradhisi.

**RITUAL KUNGKUM IN UMBUL TIRTAMARTA DUKUH VILLAGE SUB DISTRICT  
BANYUDONO SUB DISTRICT BOYOLALI**  
**By:**

**Nanda Hutama  
NIM 11205241065**

**ABSTRACT**

This research has purpose to explain (1) to describe the process of *Ritual kungkum* in Umbul Tirtamarta Dukuh Village Banyudono sub district Boyolali, (2) to describe symbolic meaning of *sesajen* used on *ritual kungkum*, (3) and also to describe the benefits of *Ritual kungkum* in Umbul Tirtamarta Dukuh Village Banyudono sub district Boyolali.

This research is an qualitative research. The researches used directed observation, depth interview, and also documentation to did this research. Some devices like camera, recorder, note book, and computer are used to save the data from the research process which founded from questioned list to ask the informant. And then The data is analyzed with induction analysis process. Then The data is passed by triangulation data process.

The result of this research contain (1) the process of *Ritual kungkum* in Umbul Tirtamarta Dukuh Village Banyudono sub district Boyolali has begun with prepare *sesajen* and the place where this ritual been held. And then the ritual ends with *kungkum* process in a Umbul. (2) some *sesajen* been used in this ritual also has it's symbolic meaning related from the habit of Javanese people and that symbolic meaning as a form of a prayer from the people who did this ritual. (3) *Ritual kungkum* in Umbul Tirtamarta Dukuh Village Banyudono sub district Boyolali has an spiritual benefits, economics benefits and also to kept the Javanese tradition by did this ritual.

## PURWAKA

Wonten ing salah satunggal dhaerah wonten Jawa Tengah inggih menika dhusun Dukuh Kecamatan Banyudono ing Kabupaten Boyolali, tasih wonten tiyang ingkang nglampahaken ritual ingkang nggadhahi sipay klenik, inggih menika ritual kungkum. Ritual menika tasih dipunlampahaken dumugi samenika. Wonten ing dhaerah sanes ugi wonten ritual kungkum, ananging ingkang bedakaken ritual kungkum wonten ing dhusun Dukuh Kecamatan Banyudono Kabupaten Boyolali menika kaliyan ritual kungkum sanesipun, inggih menika papan panggenan anggenipun nglampahaken ritual kungkum. Limrahipun menawi wonten dhaerh sanes ritual kungkum menika dipunlampahaken wonten lepen. Ananging menawi ritual kungkum wonten dhusun Dukuh Kecamatan Banyudono Kabupaten Boyolali menika anggenipun nglampahaken ritual wonten Umbul, umbul menika rumiyin asring dipunginakaken dening kaluarga kraton Surakarta minangka papan siraman.

Anggenipun nglampahaken ritual kungkum menika boten gampil amargi tiyang ingkang nglampahaken ritual menika kedah kungkum wonten ing salebeting toya, langkung ugi ritual menika dipunlampahaken ing wanci dalu. Tiyang ingkang kungkum menika ugi kedah nyameptakaken cecawis sesajen. Tasih wonten tiyang ingkang gadhahi kapitadosan saha ancas tartamtu saengga tasih nglampahaken ritual menika dumugi wanci samenika. Miturut juru kunci Umbul Tirtamarta, nalika usum pemilu utawi pilihan lurah kathah calon pejabat ingkang sami kungkum wonten ing Umbul

Tirtamarta. Tiyang ingkang badhe *daftar seleksi* tentara saha polisi ugi kathah ingkang nglampahaken ritual kungkum wonten Umbul menika.

Lajeng menapa ritual menika gadhah paedah ingkang ageng, ngantos tiyang ingkang badhe nyalon lurah, tentara, polisi sami nglampahaken ritual kungkum. Menapa ancasipun tiyang nglampahaken ritual kungkum menika, kenging menapa wonten ing jaman ingkang sarwi *moderen* tasih wonten tiyang ingkang gadhahi kapitadosan dhumateng ritual-ritual kados menika. Awit saking menika pitakenan-pitakenan kalawau saged dadosaken pancadanipun panaliten ingkang badhe ngrembag ritual kungkum wonten Umbul Tirtamarta menika.

Wonten sumber sanes ingkang sampun nate ngrembag babagan Umbul Tirtamarta. Ananging sumber-sumber kalawau namung ngrembag babagan Umbul Tirtamarta minangka salah satunggaling *obyek* pariwisata ingkang mapan wonten Boyolali inggih menika salah satunggaling kabupaten wonten Jawa Tengah.

Ancasipun dipunwontenaken panaliten menika boten ngrembag bab papan panggenan Umbul Tirtamarta minangka papan pariwisata, ananging badhe ngrembag babagan wontenipun ritual kungkum ingkang dipunlampahaken wonten ing Pemandian Umbul Tirtamarta ingkang mapan wonten dhusun Dukuh kecamatan Banyudono Boyolali, wonten ing wekdal sakderengipun wulan Pasa, Umbul Tirtamarta menika ugi dipunginakaken papan kangege ritual padusan. Inggih menika ritual ingkang asring dipunlampahaken dening tiyang Jawi setunggal dinten

saderengipun wulan pasa. Ananging panaliten menika boten badhe ngrembag babagan ritual padusan, amargi ritual padusan menika kalebet topik panaliten ingkang sampun umum. Panaliten menika namung badhe ngrembag babagan ritual kungkum ingkang dados *daya tarik* saking Umbul Tirtamarta.

## GEGARAN TEORI

### 1. Kabudayan

Sedaya wujud kabudayan ingkang wonten ing donya menika umumipun dipunlampahaken utawi dipundamel dening manungsa kanthi ancas kangge nggayuh kabecikan. Salah satunggaling wujud kabudayan ingkang dipungadhahi dening tiyang Jawi inggih menika ritual. Tiyang Jawi anggenipun nggayuh kabecikan wonten ing pagesangan inggih menika mawi cara laku utawa ritual. Tamtunipun ritual ingkang kasil saking pemikiran manungsa. Pemikiran kalawau inggih menika kadospundi supados menapa kemawon ingkang dipunlampahaken manungsa wonten ing pagesangan menika sae saha paring paedah kangge tiyang ingkang nglampahaken ritual.

### 2. Folklor

Miturut andharan wonten ing nginggil, ritual kungkum wonten Umbul Tirtamarta menika kalebet jinis folklor *eksoterik*. Amargi prosesi ritual kungkum wonten ing Umbul Tirtamarta menika wiwit saking tatacara saha sesaji ingkang dipunginakaken namung dipunmangertosi kaliyan tiyang ingkang nindakaken ritual menika. Ritual kungkum wonten Umbul Tirtamarta menika kalebet *folklor* saperangan lisan, tegesipun *folklor* ingkang wujudipun campur antawisipun

unsur lisan saha unsur *nonlisan*. Amargi anggenipun nglampahaken ritual menika mujudaken laku prihatin minangka salah satunggaling tuladha saking *folklor* saperangan lisan ingkang dipunlampahaken kanthi cara tapa kungkum.

### 3. Kungkum

Ritual kungkum inggih menika salah satunggaling wujud saking laku prihatin ingkang dipunlampahaken dening tiyang Jawi. Limrahipun menawi wonten tiyang Jawi ingkang nglampahaken laku prihatin ateges tiyang menika nggadhahi pepinginan. Supados pepinginan ingkang dipungadhahi kalawau saged kagayuh, tiyang Jawi lajeng nglampahaken laku prihatin. *Makna* laku prihatin ingkang asring dipunlampahaken kados ritual kungkum wonten ing malem selasa kliwon utawi malem jumat kliwon ugi kedah dipunandharaken kanthi *simbolis*. Ritual kungkum menika kejawi minangka sarana kangge ngresiki badan ugi minangka *simbol* saking sarana ngresiki manah.

### 4. Makna Simbolik

Wonten ritual ingkang dipunlampahaken dening tiyang Jawi *simbol* menika wujudipun awujud sesaji, mantra, saha ubarampe. Mantra saha ubarampe ingkang dipunginakaken wonten ritual menika kedah dipunanalisis, amargi analisis *simbol* menika nggadhahi ancas kangge ngandharaken *nilai* ingkang dipungadhahi dening masarakat ingkang nglampahaken ritual kanthi leres. Lajeng samangkikh masarakat sanesipun saged mangertosi paedah saha ancasipun saking mantra saha ubarampe wonten ritual menika. Wonten ing panaliten menika anggenipun *analisis*

makna simbolik saking mantra saha ubarampe ingkang dipunpanggihaken nalika nglampahaken ritual kungkum jumbuh ginakaken teori wonten ing inggil menika. Amargi teori kalawau sampun trep menawi dipunginakaken kangge nganalisis makna saha *fungsi* mantra saha ubarampe minangka *simbol* saking ritual kungkum.

## CARA PANALITEN

Panaliten ritual laku kungkum wonten ing Pemandian Umbul Tirtamarta Dhusun Dukuh Kecamatan Banyudono Boyolali menika migunakaken metode penelitian *kualitatif*. Wonten ing panaliten menika panaliti nindakaken panaliten langsung wonten ing panggenan ritual supados saged manggihaken data *deskriptif* ingkang saged mangsuli perkawis-perkawis wonten ing panaliten. Panaliten menika gadhah ancas mangsuli perkawis babagan ritual kungum kasebat, prosesi lampahing upacra ritual kungkum, makna simbolik piranti-piranti, ugi paedahipun tumrapipun tiyang ingkang nglampahaken. Ritual katindakaken dening salah satunggalipun warga dhusun dukuh wonten ing Umbul Ngabean ingkang mapan wonten salebetipun *komplek* pemandian Umbul Tirtamarta ignkang mapan wonten Dhusun Dukuh Kecamatan Banyudono, Kabupaten Boyolali. Gayut kalian menika wonten ing bageyan menika jinis datanipun dipunperang wonten ing tetembungan saha tumindak, sumber data seratan, saha foto.

Tetembungan kalian tumindak narasumber ingkang dipunamatih saha dipunsuwuni pirsa menika dados sumber data ingkang wajib. Anggenipun nngempalaken data wonten ing panaliten menika wonten kalih inggih menika

pengamatan turut serta utawi observasi kalian wawancara mendalam :

1. Observasi (pengamatan, turutserta)
2. Wawancara Mendalam
3. Dokumentasi

Panaliti ugi migunakaken cara analisis *deskriptif etnografik*. Ancasipun analisis *deskriptif etnografik* inggih menika ngandharaken subjek panaliten saking cara tumindak saha tetembunganipun. Anggenipun ngesahaken data panaliten menika ngginakaken teknik *triangulasi*, inggih menika teknik pemeriksaan manekawarna data ingkang wonten ing jawinipun data ingkang sampun dipunkempalaken minangka kaperluan pengecekan, saged ugi dados perbandingan kalian data ingkang sampun dipunkempalaken.

## ASILING PANALITEN SAHA PIREMBAGAN

Umbul Tirtamarta inggih menika salah satungaling *situs peninggalan* nenek moyang ingkang wujudipun *komplek pemandian*. Kawontenan *komplek pemandian* menika wonten gayutanipun kaliyan cariyos pengging. Wonten tiga versi cariyos babagan Umbul Tirtamarta inggih menika pengging kuno, anom, sepuh. Panaliti badhe ngandharaken bilih boten wonten klentunipun nindakaken ritual kungkum ing jaman samenika amargi sasampunipun manggihaken infromasi saha dipunrembag kanti cara ilmiah ritual kungkum menika langkung sekeca saha nggadhahi nilai luhur minangka salah satunggaling tradhisi masarajat Jawi ingkang ngemot pitedah sae minangka *kearifan lokal*

masarakat Jawi mliginipun wonten Kabupaten Boyolali Jawa Tengah.

Pamanggih kalawau kaandharaken adhedhasar data ingkang dipunpanggihaken nalika nglampahaken panaliten. Dhata kalawau antawisipun :

1. Ancas dipunwontenaken ritual kungkum

Tiyang gesang wonten ing alam donya menika tansah pados basuki, wonten tetembungan “*jer basuki mawa bea*”.

Menawi badhe nggayuh basuki tiyang gesang menika kedah *usaha* utawi betahaken bea, boten cekap naming dedonga nyuwun kemawon, masarakat Jawi jaman rumiyin gadhah cara inggih menika kanthi prihatin ingkang dipunwujudaken wonten ritual kungkum. Ritual kungkum menika minangka wujud saking *usaha* ingkang dipuntinsakaken dening tiyanag Jawi.

Awit saking nemtokaken papan panggenan kange nglampahaken ritual, nyameptakaken sesajen saha tatacara nglampahaken ritual nggadhahi ancas ingkang sae.

Amargi ancasipun ritual kungkum menika kange nyenyuwun dhumateng Gusti, boten nyenyuwun dhumateng setan, leluhur punapa malih samubarang.

2. Papan panggenan saha wekdal ritual kungkum

Papan panggenan dipunlampahaken menika kedah wonten salebetting toya umbul, amargi tiyang Jawi ing Jaman rumiyim pitedah bilih dedonga lumantar banyu menika cepet dipunijabahi amargi sedaya perangan ingkang boten sae tumut keli lajeng sedaya kesaenan

mlebet sesarengan toya ingkang medal saking ngandhap umbul.

Anggenipun nglampahaken ritual menika ugi wonten wanci dalu, wanci tengah dalu biasanipun sami sare ananing wonten ritual kungkum tiyang ingkang bade nindakaken ritual kungkum nglampahaken prihatin, kadosta ibadah nalika dalu, tiyang Jawi jaman rumiyin ugi nggadhahi pamanggih bilih wonten ing wanci tengah dalu menika wanci mandhapipun wahyu saking Gusti.

3. Tatacara ritual kungkum

Wonten salebetting Komplek Pemandian Umbul Tirtamarta menika wonten juru kunci ingkang saged dipusuwuni pirsa kados pundi tatacara, ubarampe, saha papan panggenan nindakaken ritual kungkum. Samangkikh juru kunci kalawau ugi saged paring panuntun kadospundi anggenipun dedonga nalika nglampahaken ritual kungkum.

Donganipun kanthi cara Jawi, lajeng menawi dipuntambahi ngginakaken donganipun miturut kepercayaan langkung sae.

2. Makna simbolik sesajen saha paedah wonten ritual kungkum.

Tatacara saha sesajen ingkang wonten ritual kungkum menika nggadhahi makna simbolik kiyambak. Lajeng menawi wonten pamanggih bilih sesajen menika kange nyepaki makhluk ghoib menika boten leres. Amargi sesajen menika ingkang awujud :

a. Dupa

Nggadhahi fungsi minangka wewangen nalika nindakaken ritual, supados saged nuwuhaken hawa hening, menawi sampun hening lajeng anggenipun

menggalih saged meneb, lan tuwuhan raos mulya wonten ing penggalih.

b. Sekar liman

Sekar Mawar, sekar mawar pethak, sekar kanthil, sekar kenanga saha melathi minangka wujud opah kangge sedherek tiyang nalika lair wonten ing donya menika, ugi dodosaken symbol saking rasa napsu ingkang cacahipun sekawan inggih menika amarah, aluamah, supiyah saha mutmainah.

c. Rokok klobot

Cecawis rokok klobot menika minangka pelengkap, amargi sasampunipun nindakaken ritual menika tiyang ingknag bibar kungkum ngraosaken asrep lajeng rokok klobot menika saged dipunsumet. Menawi boten kersa ugi boten menapa menapa utawi saged ugi dipungantos ngangge rokok ingkang dipunremeni.

Ancasipun panaliti menika kangge ngandharaken bilih sedaya ubarampe ingkang awujud sesajen menika nggadhahi teges minangka *simbol* utawi *lambang* ingkang miyos saking pemikiranipun nenek moyang masarakat Jawai jaman rumiyin. Amargi sesajen kalawau miturut masarakat awam asring dipunwastani perangan kangge nyepaki makhluk ghoib, pamanggih ingkang kadospunika kirang leres.

Paedah ingkang saged dipunpanggihaken sasampunipun nglampahaken ritual kungkum inggih menika *sugesti* bilih menawi badhe nggayuh basuki kedah wonten bea *usaha* kanthi estu. Sasampunipun nindakaken ritual kungkum anggenipun nglampahaken gesang wonten

bebrayan ugi langkung sae awit sampun nindakaken lampah sesuci raga ugi minangka salah sawijining wujud saking panyuwunan tumrap kaslametaning diri marang Gusti Ingkang Murbeng Dumadi. Tiyang ingkang sampun nglampahaaken ritual kungkum menika ngrumaosaken saben perangan-peranganing badan sahengga sedaya tindak- tanduk ingkang asipat angkara ingkang dipuntindakaken saben peranganipun badan saged kasirnakaken kanthi sesuci raga.

### **Paedah Ritual Kungkum**

#### 1. Paedah Spiritual

Paedah *spiritual* minangka paedah ingkang gegayutan kaliyan salah satunggaling kapitadosan masarakat. Gegayutan kaliyan pakurmatan utawi kangge muji dhumateng Gusti Ingkang Maha Kuwaos utawi para leluhur kangge nuwuhaken tentreming batos. Paedah spiritual wonten ing lampahing ritual kungkum wonten umbul tirtamarta menika sambet kaliyan sesembahaning manungsa nyenyuwun dhateng ngersaning Gusti kanthi linantaran berkahipun para leluhur-leluhur ingkang sampun sumare.

#### 2. Paedah Kangge Nguri-uri Tradhisi

Ritual kungkum punika minangka salah satunggalipun wujud tradhisi ingkang sampun dipuntindakaken tiyang Jawi wonten jaman rumiyin ngantos wekdal samenika. Amargi Sedaya wedharan saha tata cara ritual- ritual sarta basanipun ingkang dipuntindakaken wonten ing ritual kungkum kanthi adhedhasar adat Jawi.

#### 3. Paedah Ekonomi

Wontenipun ritual kungkum ing komplek pemandian Umbul Tirtamarta ugi saged mbiyantu *kesejahteraan perekonomian* warga desa saha pengelola Umbul Tirtamarta.

## PANUTUP

### A. Dudutan

Saking asiling panaliten saha pirembagan saged dipendet dudutan inggih menika panaliten ritual kungkum menika ingkang angka setunggal ngandharaken sejarah pemandian Umbul Tirtamarta. Saking andharan menika lajeng saged dipunmangertosi bilih wonten tembung Pengging. Miturut asil panaliten wonten cariyos kadadosanipun bilih papan panggenan Umbul Tirtamarta menika nggadhahi tiga jinis :

1. Pengging kuno
2. Pengging sepuh
3. Pengging anom

Pamanggih kalawau kaandharaken adhedhasar data ingkang dipunpanggihaken nalika nglampahaken panaliten. Dhata kalawau antawisipun :

1. Ancas dipunwontenaken ritual kungkum

Tiyang gesang wonten ing alam donya menika tansah pados basuki, wonten tetembungan “*jer basuki mawa bea*”. Menawi badhe nggayuh basuki tiyang gesang menika kedah *usaha* utawi betahaken bea, boten cekap naming dedonga nyuwun kemawon, masarakat Jawi jaman rumiyin gadhah cara inggih menika kanthi prihatin ingkang dipunwujudaken wonten ritual kungkum. Ritual kungkum menika

minangka wujud saking *usaha* ingkang dipuntinsakaken dening tiyanag Jawi.

Awit saking nemtokaken papan panggenan kangge nglampahaken ritual, nyameptakaken sesajen saha tatacara nglampahaken ritual nggadhahi ancas ingkang sae.

Amargi ancasipun ritual kungkum menika kangge nyenyuwun dhumateng Gusti, boten nyenyuwun dhumateng setan, leluhur punapa malih samubarang.

2. Papan panggenan saha wekdal ritual kungkum

Papan panggenan dipunlampahaken menika kedah wonten salebetung toya umbul, amargi tiyang Jawi ing Jaman rumiyim pitedah bilih dedonga lumantar banyu menika cepet dipunijabahi amargi sedaya perangan ingkang boten sae tumut keli lajeng sedaya kesaenan mlebet sesarengan toya ingkang medal saking ngandhap umbul.

Anggenipun nglampahaken ritual menika ugi wonten wanci dalu, wanci tengah dalu biasanipun sami sare ananing wonten ritual kungkum tiyang ingkang bade nindakaken ritual kungkum nglampahaken prihatin, kadosta ibadah nalika dalu, tiyang Jawi jaman rumiyin ugi nggadhahi pamanggih bilih wonten ing wanci tengah dalu menika wanci mandhapipun wahyu saking Gusti.

3. Tatacara ritual kungkum

Wonten salebetung Komplek Pemandian Umbul Tirtamarta menika wonten juru kunci ingkang saged dipusuwuni pirsa kados pundi tatacara, ubarampe, saha papan panggenan nindakaken ritual kungkum. Samangkikh juru kunci kalawau ugi saged paring panuntun

kadospundi anggenipun dedonga nalika nglampahaken ritual kungkum.

Donganipun kanthi cara Jawi, lajeng menawi dipuntambahi ngginakaken donganipun miturut kepercayaan langkung sae.

### 3. Makna simbolik sesajen saha paedah wonten ritual kungkum.

Tatacara saha sesajen ingkang wonten ritual kungkum menika nggadhahi makna simbolik kiyambak. Lajeng menawi wonten pamanggih bilih sesajen menika kangge nyepaki makhluk ghoib menika boten leres. Amargi sesajen menika ingkang awujud : Dupa, sekar liman, rokok klobot saha jarik.

### Implikasi

Implikasi panaliten menika awujud tradhisi ingkang tasih dipunlestantunaken dumugi samanika kedah dipunjagi, dipunbudidaya saha dipunuri-uri dening masarakat ingkang tasih nglampahaken. Miturut kapitadosan tiyang ingkang nindakaken ritual kungkum, lumantar ritual menika minangka sarana kangge nyenyuwun dhumateng Gusti Ingkang Maha Agung supados saged pinaringan kaslametan saha pitedah wonten ing alaming bebrayan.

### Pamrayogi

Ritual Kungkum ingkang dipunlampahi dening masarakat Jawi menika salah satunggaling budaya spiritual Jawi ingkang sampun dipunwarisaken dening para leluhur ingkang kedah dipunjagi. Prosesi ritual kungkum menika saged kangge sarana piwulangan babagan ajaran moral saha spiritual kangge masarakat Jawi piyambak menapa dene tumrap warga masyarakat

umum. Kawigatosan saking paerintah dipunbetahaken minangka salah satunggalipun *payung hukum* ingkang sah supados papan panggenan ritual menika saged tetep ngrembaka wonten ing zaman ingkang sampun sarwi modern menika.

## KAPUSTAKAN

- Dananjaya, James. 1984. *Folklor Indonesia : Ilmu Gosip, Dongeng, Dan Lain-lain.* Jakarta: PT Pustaka Utama Grafiti.
- \_\_\_\_\_. 2007. *Folklor Indonesia : Ilmu Gosip, Dongeng, Dan Lain-lain.* Jakarta: PT Pustaka Utama Grafiti.
- Endraswara, Suwardi. 2006. *Metodologi Penelitian Kebudayaan.* Yogyakarta: Gajah Mada University Press.
- \_\_\_\_\_. 2012. *Metodologi Penelitian Kebudayaan.* Yogyakarta: Gajah Mada University Press.
- Herusatoto. 1983. *Simbolisme Dalam Budaya Jawa.* Yogyakarta: Hanindita Graha Widia.
- Koentjaraningrat. 1984. *Kebudayaan Jawa.* Jakarta: Balai Pustaka.
- Kuntowijoyo. 1987. *Kebudayaan Dalam Masyarakat.*
- Moleong, Lexy J. 2002. *Metodologi Penelitian Kualitatif.* Bandung: PT Remaja Rosdakarya.
- Santosa, Imam Budi. 2011. *Laku Prihatin.* Yogyakarta: Rizqita Printing
- Setyawan, Rudi Eko . 2014. *Upacara Malem Rebo Pon wonten ing Makam Ranggawarsita Dhusun Pakis, Kecamatan Trucuk Kabupaten Klaten.* Yogyakarta: Pendidikan Bahasa Daerah, Fakultas Bahasa Dan Seni, UNY.
- Spradely, James. 1997. *Metode Etnografi.* Yogyakarta: PT Tiara Wacana.
- Tashadi, dkk. 1986. *Upacara Tradisional Saparan Daerah Gamping dan Wonolelo Yogyakarta.* Yogyakarta: Depdikbud.
- Wibowo, Nur Arif. 2014. *Ritual Jamasan wonten ing Paguyuban Penghayat Kepercayaan terhadap Tuhan yang Maha Esa “Sastra Jendra Hayuningrat Pangribawaing Diyu”.* Yogyakarta: Pendidikan Bahasa Daerah, Fakultas Bahasa Dan Seni, UNY.
- Tim Penyusun. 2011. *Panduan Tugas Akhir.* Yogyakarta: FBS UNY.